

## **Entèdiksyon pou Diskriminasyon Kont Moun ki gen Andikap pou yo Jwenn Aksè ak Vaksen kont COVID-19 nan Etablisman ke Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil New York ap Jere yo**

Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil New York (NYC Department of Health and Mental Hygiene) la respekte tout lwa ki aplikab yo gen ladan, men san sa pa limite ak, Lwa sou Ameriken ak Andikap (Americans with Disabilities Act, ADA) yo, Lwa sou Reyabilitasyon an, Lwa sou Dwa Moun Eta New York la, ak lwa sou Dwa Moun Vil New York la nan egzekite pwogram, sèvis, ak aktivite li yo, gen ladan operasyon nan pwogram vaksinasyon kont COVID-19 li a.

Yon manm piblik la gendwa mande yon akomodasyon ki rezonab pou li patisipe nan yon pwogram vaksinasyon kont COVID-19 Depatman Sante Vil New York la. Moun kapab vizite <https://vax4nyc.nyc.gov/patient/s/>, voye imèl bay [hubaccess@health.nyc.gov](mailto:hubaccess@health.nyc.gov) oswa rele 1-877-829-4692, pou mande yon akomodasyon lè yo ap pwograme yon randevou. Demann pou akomodasyon yo ta dwe fèt pi bonè posib avan yon moun pwograme yon randevou vaksinasyon nan sit prefere yo a nan New York. Yon manm piblik la gendwa vizite tou yon sit vaksinasyon san yon randevou pou sèvis imedyà. Chak sit genyen yon antre/sòti, twalèt, ak wout pou ale nan zòn vaksinasyon an ki aksesib. Chak sit ekipe avèk yon sèvis tradiksyon pa videyo pou plis pase 240 lang, gen ladan Lang Siy Ameriken (American Sign Language, ASL). Chak sit genyen omwen yon Kòdinatè Andikap, Aksè ak Bezwen Fonksyonèl (Disability, Access and Functional Needs, DAFN) pou asiste moun ki gen andikap yo. Moun yo gendwa pote tou yon aparèy pou mobilite (pa egzanp chèz woutlant, deyanbilatè) dapre chwa pa yo, epi chak sit ekipe avèk omwen yon chèz woutlant ke moun gendwa itilize pandan vizit yo a. Anplis de sa, moun ki gen andikap yo gendwa vini avèk yon konpanyon, yon asistan pou swen pèsònèl, yon èd pou swen pèsònèl, yon manm fanmi, yon entèprèt oswa lòt moun pou asiste yo pandan vizit yo a. Yo pèmèt sèvis pou bèt yo nan nenpòt sit vaksinasyon. Anpil sit genyen akomodasyon anplis ki disponib san yon randevou, sepandan, si yon moun egzije nenpòt lòt akomodasyon, li ta dwe mande sa nan [hubaccess@health.nyc.gov](mailto:hubaccess@health.nyc.gov), rele 311 oswa voye yon mesaj tèks bay 311692 avan vizit li a.

Anplis de sa, Vil New York ap ofri vaksinasyon kont COVID-19 adomisil pou rezidan vil la ki elijib ki oblije rete lakay totalman. Tanpri ranpli fòmilè sa a pou manifeste enterè ou: <https://forms.cityofnewyork.us/f/homebound> oswa rele 1-877-829-4692.

Yo gendwa voye demann pou enfòmasyon anplis ki gen rapò ak asistans pou pwograme yon randevou pou vaksen kont COVID-19 yo, akomodasyon nan sit vaksinasyon Depatman Sante Vil New York yo, opsyon vaksinasyon adomisil yo, ak nenpòt lòt demann ki gen rapò ak andikap pou pwogram vaksinasyon kont COVID-19 Vil la bay [hubaccess@health.nyc.gov](mailto:hubaccess@health.nyc.gov), oswa rele 311 oswa voye yon mesaj tèks bay 311692.

Si ou kwè ke yo te refize ou yon akomodasyon oswa otremman yo te dè diskriminasyon kont ou sou baz andikap ou an rapò avèk patisipasyon ou, oswa tantativ pou ou patisipe nan pwogram vaksinasyon kont COVID-19 Depatman Sante Vil New York la, tanpri voye yon imèl bay [hubaccess@health.nyc.gov](mailto:hubaccess@health.nyc.gov), rele 311 oswa voye yon mesaj tèks bay 311692. Yo pral kapab asiste ou pou ou depoze yon plent oswa doleyans. Apre ou te soumèt plent oswa doleyans ou an bay [hubaccess@health.nyc.gov](mailto:hubaccess@health.nyc.gov), 311 oswa mesaj tèks bay 311692, yon moun ki dezinye nan Depatman Sante Vil New York la pral kontakte ou nan yon peryòd de (2) jou ouvrab pou akize resepsyon pou plent oswa doleyans lan. Enfòmasyon anplis sou pwosedi doleyans lan prezante anba la a.

### **Pwosedi sou Doleyan Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil New York la dapre ADA a, Lwa sou Reyabilitasyon an, ak Lwa sou Dwa Moun Eta a ak Vil la pou yo Jwenn Aksè ak Vaksen kont COVID-19**

Nenpòt manm piblik la ki swete depoze yon doleyans pou diskriminasyon posib sou baz andikap nan administrasyon sèvis yo, aktivite yo, pwogram yo, oswa avantaj yo nan kad efò pou distribisyon vaksen kont COVID-19 Depatman Sante Vil New York la kapab itilize pwosedi sou doleyans sa a.

Doleyan lan ta dwe fèt alekri epi li ta dwe genyen enfòmasyon sou diskriminasyon posib la tankou non, adrès, ak nimewo telefòn moun ki depoze doleyans lan, ansanm ak pozizyon, dat ak desripsyon plent lan oswa vyolasyon posib ADA a, Lwa sou Reyabilitasyon an, Lwa sou Dwa Moun Eta a, oswa Lwa sou Dwa Moun Vil New York la. Egzanp diskriminasyon yo gen ladan, men san sa pa limite ak yon ajans ki refize bay yon entèprtèt pou Lang Siy Ameriken, dokiman an gwo karaktè oswa dokiman an Bray ak soutit an tan reyèl ke yo rele tou transkripsyon an tan reyèl ki asiste ak òdinatè (computer-assisted real-time transcription, CART) lè yo mande sa nan yon peryòd tan ki rezonab, pa rive bay enfòmasyon ki apwopriye konsènan aksesibilite pou moun ki gen andikap yo nan etablisman vaksinasyon kont COVID-19 Depatman Sante Vil New York yo, oswa kesyon ki gen rapò ak anplwaye yo nan sit vaksinasyon kont COVID-19 Depatman Sante Vil New York yo.

Lòt mwayen pou depoze doleyans, tankou entèvyou an pèsòn oswa anrejistremman odyo sou doleyans lan, gendwa disponib, jan sa nesèsè, pou moun ki gen andikap lè yo mande sa.

Yo ta dwe depoze doleyans lan pi vit posib men pa pita pase swasant (60) jou kalandè apre dat vyolasyon posib ADA a, Lwa sou Reyabilitasyon an, Lwa sou Dwa Moun Eta New York la, oswa Lwa sou Dwa Moun Vil New York la nan [hubaccess@health.nyc.gov](mailto:hubaccess@health.nyc.gov), rele 311 oswa voye mesaj tèks bay 311692 pou soumèt yon doleyans nan telefòn.

Nan yon peryòd de (2) jou kalandè apre yo resevwa doleyans lan, yon moun ki dezinye ki soti nan Depatman Sante Vil New York pral kontakte moun ki depoze doleyans lan pou akize resepsyon pou doleyans lan.

Nan yon peryòd senk (5) jou kalandè apre kontak sa a avèk moun ki depoze doleyans lan, yon moun ki dezinye nan Depatman Sante Vil New York la pral reponn doleyans lan alekri oswa, kote sa apwopriye, fè aranjman ki nesèsè pou bay akomodasyon (yo) moun lan te mande a oswa yon lòt akomodasyon ki rezonab. Si yo refize demann akomodasyon rezonab (yo), repons lan pral eksplike pozisyon Depatman Sante Vil New York la epi li ap ofri opsyon pou solisyon ki konsiderab sou doleyans lan, kote sa aplikab.

Moun ki depoze doleyans lan oswa moun ke moun ki depoze doleyans lan dezinye kapa fè apèl sou desizyon an nan yon peryòd trant (30) jou kalandè apre li te resevwa repons lan pa imèl nan: [OGC@health.nyc.gov](mailto:OGC@health.nyc.gov).

Apèl la ta dwe soumèt alekri. Yo gendwa rann disponib lòt mwayen pou depoze yon apèl, tankou yon entèvyou an pèsòn oswa anrejistreman odyo sou doleyans lan, pou moun ki genyen andikap yo lè yo mande sa.

Yo pral bay yon repons ak moun ki depoze doleyans lan nan yon peryòd trant (30) jou apre yo te resevwa demann pou apèl la. Tout repons yo pral fèt alekri oswa, kote sa posib nan yon fòm ki aksesib pou moun ki depoze plent lan. Yo pral kenbe tout doleyans alekri, apèl, ak repons yo resevwa an rapò ak yon doleyans pandan omwen twa (3) ane.

**Dokiman sa a disponib nan lòt fòm, tankou gwo karaktè, anrejistreman odyo, ak Bray, nan Depatman Sante Vil New York la lè moun mande sa.**

## **Avi sou Dwa Depatman Sante Vil New York la Dapre ADA a, Lwa sou Reyabilitasyon an, ak Lwa sou Dwa Moun Eta a ak Vil la pou Moun Jwenn Aksè ak Vaksen kont COVID-19**

Bon Jan Kominikasyon Depatman Sante Vil New York la pral, lè moun mande sa, bay èd apwopriye ak sèvis ki mennen nan bon jan kominikasyon pou moun ki gen andikap ki kalifye yo dekwa pou yo kapab patisipe egal ego nan pwogram vaksinasyon kont COVID-19, sèvis, ak aktivite Depatman Sante Vil New York yo, gen ladan entèprèt lang siy ki kalifye, dokiman an Bray, ak lòt fason pou rann enfòmasyon ak kominikasyon aksesib pou moun ki genyen andikap nan pawòl, nan tande, oswa nan vizyon yo.

Modifikasyon nan Politik ak Pwosedri yo: Depatman Sante Vil New York la pral fè modifikasyon ki rezonab nan politik ak pwosedri yo pou asire ke moun ki gen andikap yo genyen aksè egal ego nan tout pwogram vaksinasyon kont COVID-19, sèvis, ak aktivite Depatman Sante Vil New York yo. Pa egzanp, moun ki gen sèvis bèt yo byenvini nan tout sit vaksinasyon Depatman Sante Vil New York yo, menm kote yo jeneralman entèdi bèt domestik yo.

Nenpòt moun ki egzije yon èd oksilyè oswa sèvis pou bon jan kominikasyon, oswa yon modifikasyon nan politik oswa pwosedri yo pou patisipe nan pwogram vaksinasyon kont COVID-19, sèvis, oswa aktivite Depatman Sante Vil New York la ta dwe kontakte [hubaccess@health.nyc.gov](mailto:hubaccess@health.nyc.gov) voye imèl, oswa rele nan telefòn nan 311, pi vit posib.

ADA a pa egzije Depatman Sante Vil New York la pran okenn mezi ki tap fondamantalman modifiye nati pwogram oswa sèvis li yo oswa ki tap enpoze sou li yon fado finansye oswa administratif ki initil.

Depatman Sante Vil New York la pa pral enpoze yon chaj anplis pou kouvri depans pou èd/sèvis oksilyè oswa modifikasyon ki rezonab nan politik yo.

Ou kapab voye kesyon, enkyetid, oswa demann pou enfòmasyon anplis ki gen rapò ak asistans pou pwograme yon randevou pou vaksen kont COVID-19 yo, akomodasyon nan sit vaksinasyon yo, opsyon vaksinasyon adomisil yo, ak nenpòt lòt demann ki gen rapò ak andikap pou pwogram vaksinasyon kont COVID-19 Vil la bay [hubaccess@health.nyc.gov](mailto:hubaccess@health.nyc.gov), oswa rele 311 oswa voye yon mesaj bay 311.

Si ou kwè yo te refize ou yon èd oswa sèvis oksilyè oswa yon modifikasyon ki rezonab nan politik oswa pwosedri yo dekwa pou ou patisipe nan pwogram vaksinasyon kont COVID-19, sèvis, oswa aktivite Depatman Sante Vil New York la, tanpri kontakte pwosedri sou doleyans Depatman Sante Vil New York la.

Anplis de sa, ou kapab pote plent sou andikap ak kesyon yo nan lòt Ajans Vil la, Eta a, ak Federal yo, gen ladan, men san sa pa limite ak sa ki annapre yo:

NYC Commission on Human Rights  
22 Reade Street  
New York, NY 10272  
Telefòn: 718-741-8400

<https://www1.nyc.gov/site/cchr/about/report-discrimination.page>

NYS Division of Human Rights  
One Fordham Plaza, Fourth Floor  
Bronx, NY 10458  
Telefòn: 718-722-3131

<https://dhr.ny.gov/contact-us>

US Department of Justice  
950 Pennsylvania Avenue, NW  
Civil Rights Division  
Disability Rights Section -1425 NYAV  
Washington, D.C. 20530  
Telefòn: 1-800-514-0301

[https://www.ada.gov/filing\\_complaint.htm](https://www.ada.gov/filing_complaint.htm)